

REPUBLIQUE DU BURUNDI



CABINET DU PRESIDENT

LOI N°1110 DU 17 MAI 2019
PORTANT PRODUCTION,
CONTROLE, DIFFUSION ET
UTILISATION DES SEMENCES ET
DES EMBRYONS D'ORIGINE
ANIMALE

LE PRESIDENT DE LA
REPUBLIQUE,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Vu la loi n°1/28 du 24 décembre 2009 relative à la police sanitaire des animaux domestiques, sauvages, aquacoles et abeilles ;

Vu la loi n°1/06 du 21 mars 2011 portant réglementation de l'exercice de la profession vétérinaire ;

Vu la loi n°1 / 27 du 29 décembre 2017 portant révision du Code pénal ;

Vu la loi n°1 / 09 du 11 mai 2018 portant modification du Code de procédure pénale ;

Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;

L'Assemblée Nationale et le Sénat ayant adopté ;

PROMULGUE :

**CHAPITRE I.
DES DISPOSITIONS GENERALES**

**Section 1.
De l'objet**

Article 1:

La présente loi a pour objet de fixer les modalités de production, de contrôle, de diffusion et d'utilisation des

REPUBLIKA Y'UBURUNDI



IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU

IBWIRIZWA INOMERO 1110 RYO KU WA
17 RUSAMA 2019 RYEREKEYE
UGUTOROROKANYA IMBUTO N'URUGIRUGI
BIKOMOKA KU BIKOKO, UKUBISUZUMA,
UKUBIKWIRAGIZA N'UKUBIKORESHA

UMUKURU W'IGIHUGU,

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/28 ryo ku wa 24 Kigarama 2009 ryerekeye ingingo z'ugucungera amagara y'ibikoko vy'ibitungano, ibinyeshamba, ivyororewe mu mazi hamwe n'inzuki;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/06 ryo ku wa 21 Ntwarante 2011 rishinga amategeko agenga umwuga w'ukuvura ibikoko;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/27 ryo ku wa 29 Kigarama 2017 risubiramwo igitabu mpanavyaha ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/09 ryo ku wa 11 Rusama 2018 rihinyanyura igitabu gitunganya ingene imanza z'ivyaha zitohozwa zikongera zikaburanishwa ;

Inama Nshikiranganji imaze kuvyihweza ;

Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zimaze kuvyemeza;

ATANGAJE :

**IGICE CA MBERE.
INGINGO NGENDERWAKO**

**Agace ka 1.
Intumbero y'iri bwirizwa**

Ingingo ya 1:

Iri bwirizwa rifise intumbero yo gushinga ibikurikizwa mu gutororokanya imbuto n'urugirugi bikomoka ku bikoko, mu

M

M

M

M

semences et des embryons d'origine animale.

Article 2 :

La production, la diffusion, l'importation, l'exportation de semences et d'embryons d'origine animale ainsi que l'importation de reproducteurs, sont subordonnées au respect de la législation zoo-sanitaire en vigueur.

Section 2. Des définitions

Article 3 :

Au sens de la présente loi, on entend par :

- a) **animal reproducteur de race pure** : tout animal dont les parents et les grands-parents sont inscrits dans un registre généalogique de la même race et qu'il y soit inscrit ou susceptible d'y être inscrit ;
- b) **azote liquide** : gaz diazote refroidi en dessous de son point d'ébullition 77.36 K (-195.79 °C), ayant l'apparence d'un liquide limpide d'où s'échappent des vapeurs blanches ;
- c) **catalogue officiel national** : un répertoire d'animaux de races sélectionnées, mâles ou femelles dont les semences sont autorisées à la vente ; il existe un catalogue par race et l'ensemble des catalogues constitue le catalogue officiel national ;
- d) **centre de collecte**: l'établissement dans lequel est récolté, traité et stocké du sperme destiné à l'insémination artificielle ;

kubisuzuma, mukubikwiragizano mu kubikoresha.

Ingingo ya 2:

Ugutororokanya imbuto n'urugirugi bikomoka ku bikoko, ukubikwiragiza, ukuvyinjiza mu gihugu, ukubishora mu mahanga hamwe n'ukwinjiza mu gihugu ibitungwa vy'ukurondora, bigirwa hubahirijwe amategeko agenga amagara y'ibikoko asanzwe akurikizwa.

Agace ka 2. Insiguro y'amajambo

Ingingo ya 3:

Muri iri bwirizwa, amajambo akurikira asigura :

- a) **igikoko c'ukurondora imbuto c'ubwoko butavanze**: ni igikoko cose ivyakivyaye n'ivyo ivyakivyaye bivukako vyanditswe mu gitabu cerekana amamuko y'ibikoko vy'ubwoko kanaka bumwe caba icanditswe canke ikiri ku rutonde rw'ibirindiriye kwandikwa canke gishobora kwandikwa muri ico gitabu ;
- b) **azote y'amazi**: ni umwuka wa azote ukanyishijwe ku bipimo vy'ubushuhe biri musu y'ivyo uwo mwuka utangurirako kuba amazi bingana K77.36 (C-195.79), uwo mwuka usa n'amazi y'umusarara avamwo umuhisha wera ;
- c) **igitabu c'igihugu c'itororokanirizo ry'ibitungwa bitanga imbuto**: ni igitabu kirimwo urutonde rw'ibitungwa vyo mu bwoko burobanuye, vyaba impfizi canke imvyezi; imbuto zavyo zikaba zemerewe kugurishwa; hariho igitabu c'itororokanirizo ku bwoko bumwe bumwe bwose kandi ivyo bitabu vyose ni vyo bigize igitabu c'igihugu c'itororokanirizo ry'ibitungwa bitanga imbuto ;
- d) **Ikigo c'itororokanirizo ry'imbuto**: ni ikigo cakira imbuto zigenewe ukwimisha urushinge canke zituma amagi arondoka, kizihingura kikongera kikazishingura ;

AM

M

M

K

- | | |
|---|--|
| <p>e) centre de stockage et de diffusion: l'établissement dans lequel est stocké du sperme destiné à l'insémination artificielle ;</p> <p>f) centre d'évaluation génétique : tout organisme qui exécute l'évaluation génétique des animaux et en publie les résultats sous la responsabilité d'un organisme agréé par l'Etat ;</p> <p>g) diffusion de semence animale et des embryons : tous les moyens techniques ou procédés permettant l'utilisation de semences ou d'embryons pour la reproduction ou l'amélioration génétique ; la diffusion pour les semences se fait par insémination artificielle et celle des embryons par transfert embryonnaire ;</p> <p>h) donneur : le mâle, faisant partie du troupeau ou stock d'un centre de collecte ou d'écloserie ;</p> <p>i) embryon : tout organisme en voie de développement depuis l'œuf fécondé jusqu'à la réalisation d'une forme capable de vie autonome et active ;</p> <p>j) géniteur : animal mâle destiné à la reproduction ;</p> <p>k) inscrit : un animal reproducteur de race pure, remplissant les conditions d'enregistrement dans le registre généalogique d'une race et issu de parents et grands-parents eux-mêmes inscrits dans ce registre ;</p> <p>l) insémination artificielle : une technique qui consiste à déposer à l'aide d'un instrument approprié la semence d'un mâle dans les voies génitales d'une femelle en période de rut en vue de la fécondation ;</p> | <p>e) Ikigo gishingura imbuto kikongera kikazikwiragiza: ni Ikigo gishingurwamwo imbuto zigenewe ukwimisha urushinge ;</p> <p>f) Ikigo gisuzuma akamere nkomoko k'ibitungwa: ni Ikigo ico ari co cose kijejwe gusuzuma akamere nkomoko k'ibitungwa kigatangaza ivyavuye muri iryo suzuma gihagarikiwe n'Ikigo cavyemerewe na Reta;</p> <p>g) ugukwiragiza imbuto z'ibitungwa n'urugirugi: ni ubuhinga bwose canke uburyo butuma hakoreshwa imbuto canke urugirugi mu kurondora ubwoko bw'igitungwa canke mu gutuma haboneka akamere nkomoko gatanga igitungwa c'ubwoko bwiza kuruta; ugukwiragiza imbuto bigirwa mu kwimisha igitungwa hakoreshwe urushinge, ugukwiragiza urugirugi na vyo bigirwa mu kurushira mu gitungwa;</p> <p>h) igitanga imbuto: ni interekwa isanzwe iri mu busho, canke ububiko bw'imbuto bw'Ikigo c'itororokanirizo ry'imbuto canke mu kigo kirondorerwamwo ifi ;</p> <p>i) urugirugi: ni ikinyabuzima cose kiriko kirakura kuva urubuto gore ruhuye n'urubuto gabo gushika havuyemwo ikintu gifise ibihimba gishobora kubaho no gukura kitari mu nda ya nyina;</p> <p>j) impfizi y'ukurondora: ni igitungwa c'ikigabo kigenewe kurondorwa;</p> <p>k) interekwa yanditswe: ni inka y'interekwa yo mu bwoko butavanze, ikwije ibisabwa vyose kugira yandikwe mu gitabu cerekana amamuko y'ubwoko kanaka bw'igitungwa kandi izayivyaye n'izo ikomokako na zonyene zikaba zanditswe muri ico gitabu;</p> <p>l) ukwimisha urushinge: ni ubuhinga bwo gushira imbuto z'impfizi mu gihimba c'irondoka c'imvyeyi mu gihe kiba kirinze kugira gifate, hakoreshwe icuma cabigenewe;</p> |
|---|--|



m) **lot** : le contenu des éjaculats d'un mâle prélevés durant une même journée ;

n) **permis d'insémination** : un document officiel délivré par l'autorité compétente permettant à son détenteur d'exercer le métier d'inséminateur ;

o) **reproducteur** : tout animal vivant, mâle ou femelle, non stérile, de race étrangère ou locale, enregistré au catalogue officiel national ;

p) **saillie naturelle** : un accouplement ou période de l'accouplement pour certaines espèces animales ;

q) **semence animale** : les spermés d'un animal mâle reproducteur ;

r) **sperme** : l'éjaculat d'un animal domestique, traité, dilué, réfrigéré, surgelé ou non.

CHAPITRE II.
DU CADRE INSTITUTIONNEL DELA
PRODUCTION, DU CONTROLE, DE LA
DIFFUSION ET DE L'UTILISATION
DES SEMENCES ET DES EMBRYONS
D'ORIGINE ANIMALE

Section 1.
Du Centre national d'insémination
artificielle et d'amélioration
génétique

Article 4 :

Il est créé un Centre national d'insémination artificielle et d'amélioration génétique. Le Centre national d'insémination artificielle et d'amélioration génétique est un organe de contrôle technique, réglementaire et de certification des autres types de centres.

m) **umutekero w'imbutu**: ni imbutu zose impfizi itanga zitororokanywa mu kiringo c'umunsi umwe ;

n) **uruhusha rw'ukwimisha ku rushinge**: ni urwandiko rutangwa n'ubutegetsu bubifitiye ububasha rugatuma uwaruhawe agira uburenganzira bw'ugukora akazi k'ukwimisha urushinge;

o) **interekwa**: ni igikoko cose gifise ubuzima, impfizi canke imvyezi, cigendera kandi kitari ingumba, co mu bwoko buvanwa mu mahanga canke busanzwe mu gihugu, canditswe mu gitabu c'igihugu c'itororokanirizo ry'ibitungwa bitanga imbutu;

p) **ukwimisha ku mpfizi**: ni igihe impfizi yuriye inka yarinze canke ni igihe ibikoko bimwe bimwe vyimiramwo;

q) **intanga z'interekwa**: ni imbutu z'igikoko c'impfizi c'ukurondora;

r) **imbutu**: ni imbutu igikoko c'igitungano c'impfizi casohoye, zihinguwe, zongewemwo ibindi bintu, zikanyishijwe, canke zidakanyishijwe;

IGICE CA II.
IVYEREKEYE UGUTOROROKANYA
IMBUTO N'URUGIRUGI BIKOMOKA KU
BIKOKO, UKUBISUZUMA,
UKUBIKWIRAGIZA N'UKUBIKORESHA

Agace ka 1.

Ikigo c'igihugu kijejwe ivyerekeye
ukwimisha urushinge no gutuma haboneka
kamere nkomoko k'igitungwa keza kuruta

Ingingo ya 4 :

Harashinzwe ikigo c'igihugu kijejwe ivyerekeye ukwimisha urushinge no gutuma haboneka akamere nkomoko k'igitungwa keza kuruta. Ico kigo ni urwego rujwe gusuzuma ibijanye n'ubuhinga, gushinga amategeko n'ukwemeza ibindi bigo.

Article 5 :

La production, le contrôle, la diffusion, l'importation, l'exportation des semences et des embryons d'origine animale ainsi que l'importation des reproducteurs sont soumis au contrôle du Centre national d'insémination artificielle et d'amélioration génétique.

Article 6 :

Les missions, l'organisation et le fonctionnement du Centre sont déterminés par décret.

Section 2.**Des centres de production, de stockage et de diffusion****Article 7 :**

Seules les espèces et les races autorisées, déterminant le type de matériel génétique à utiliser sur le territoire national, peuvent être produites, diffusées, importées ou exportées sous forme de semences animales et d'embryons ou sous forme de reproducteurs.

Article 8 :

Les modalités d'autorisation pour les espèces et les races animales sont fixées par une ordonnance du Ministre ayant l'élevage dans ses attributions prise, le cas échéant, conjointement avec les Ministres concernés.

Article 9 :

Les opérations de production, de conditionnement des semences et des embryons d'origine animale, sont effectuées par des centres privés ou publics agréés.

Un centre de collecte est seulement autorisé à céder les semences et les embryons d'origine animale à des centres de diffusion publics et privés agréés.

Ingingo ya 5 :

Ibikorwa vy'ugutororokanya imbuto n'urugirugi bikomoka ku bikoko, ukubisuzuma, ukubikwiragiza, ukuvyinjiza mu gihugu, ukubishora mu mahanga hamwe n'ukwinjiza mu gihugu ibitungwa vy'ukurondora bisuzumwa n'lkigo c'igihugu kijejwe ivyerekeye ukwimisha urushinge no gutuma haboneka akamere nkomoko k'igitungwa keza kuruta.

Ingingo ya 6 :

Imirimo y'lkigo, ingene gituganijwe n'ingene gikora bitomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'lgihugu.

Agace ka 2.**Ibigo bijejwe gutororokanya, gushingura no gukwiragiza imbuto, urugirugi n'ibitungwa vyo kurondora****Ingingo ya 7 :**

Imiryango n'ubwoko bw'ibikoko vyemerewe vyonyene, agace bikoresha mu guhanahana kamere nkomoko gakoreshwa ku butaka bw'Uburundi katomowe, ni vyo bishobora gutororokanywa, gukwiragizwa, kwinjizwa mu gihugu canke gushorwa mu mahanga bimeze nk'intanga z'interekwa canke nk'urugirugi canke nk'ibitungwa vy'ukurondora.

Ingingo ya 8 :

Ibikurikizwa mu gutanga impusha ku bwoko n'imiryango y'ibitungwa bishingwa n'itegeko nshikiranganji ry'Umushikiranjanji ajejwe ubworozi, iyo bikenewe, iryo tegeko rigashirwako kandi imikono n'abashikiranjanji vyerekeye.

Ingingo ya 9:

Ibikorwa vy'ugutororokanya n'ugutekera intanga z'interekwa n'urugirugi bikomoka ku bitungwa birangurwa n'ibigo vy'abikorera utwabo n'ivya Reta vyemewe.

Ikigo c'itororokanirizo ry'imbuto n'urugirugi bikomoka ku bitungwa cemerewe gusa gushikiriza ivyo catororokanije ibigo bijejwe kubikwiragiza vyemewe.

M

H

M

H

Article 10 :

Une ordonnance du Ministre ayant l'élevage dans ses attributions fixe les modalités d'agrément des centres de collecte et de diffusion.

Article 11 :

Tout centre de collecte et de stockage établi au Burundi est autorisé à collecter, traiter, stocker et distribuer des semences animales et des embryons conformément aux dispositions d'une ordonnance du Ministre ayant l'élevage dans ses attributions prise, le cas échéant, conjointement avec les Ministres concernés.

CHAPITRE III. DES REPRODUCTEURS

Article 12 :

Sans préjudice des règles de police sanitaire, tout mâle ou femelle enregistré au catalogue officiel national est admis à la reproduction sans aucune limitation.

Tout ovule ou embryon provenant d'une femelle reproductrice enregistrée au catalogue officiel national peut être utilisé pour la reproduction.

Les conditions de collecte, de stockage, de diffusion et d'utilisation de l'ovule ou de l'embryon sont déterminées par une ordonnance du Ministre ayant l'élevage dans ses attributions.

Article 13 :

Une ordonnance du Ministre ayant l'élevage dans ses attributions détermine la forme et les mentions du catalogue officiel national.

Article 14 :

La semence destinée à être mise à disposition en qualité de semence du reproducteur enregistré en vue de

Ingingo ya 10 :

Itegeko nshikiranganji ry'Umushikiranganji ajejwe ubworozi rirashinga ibikurikizwa kugira ibigo vy'itororokanirizo ry'imbuto hamwe n'ibijejwe kubikwiragiza vyemererwe gukora.

Ingingo ya 11 :

Ikigo cose c'itororokanirizo ry'imbuto kiri mu Burundi kirekuriwe gutorokanya no guhingura imbuto, ikijewe ukuzishingura na co kirekuriwe kuzishingura n'ukuzikwiragiza hisunzwe ibitegekanijwe n'itegeko nshikiranganji ry'Umushikiranganji ajejwe ubworozi, iyo bikenewe, iryo tegeko rigashirwako kandi imikono n'abashikiranganji vyerekeye..

IGICE CA III. IVYEREKEYE INTEREKWA

Ingingo ya 12 :

Hatirengagijwe ingingo zerekeye ugucungera amagara y'ibitungwa, igitungwa cose caba impfizi canke imvyeyi canditswe mu Gitabu c'igihugu c'itororokanirizo ry'ibitungwa bitanga imbuto kirarekuriwe kurondoka uko kibishobora kwose.

Urubuto gore rwose canke urugirugi rutanzwe n'interekwa y'imvyeyi yanditswe mu Gitabu c'igihugu c'itororokanirizo ry'ibitungwa bitanga imbuto rurashobora gukoreshwa mu kurondora igitungwa.

Uburyo bwo gutorokanya, kubika, gukwiragiza n'ugukoresha urubuto canke urugirugi bishingwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ubworozi.

Ingingo ya 13 :

Itegeko nshikiranganji ry'Umushikiranganji ajejwe ubworozi riratomora ingene igitabu c'igihugu c'itororokanirizo ry'ibitungwa bitanga imbuto kiba kimeze n'ivyandikwamwo.

Ingingo ya 14 :

Imbuto zigenewe gutangwa nk'imbuto zikomoka ku nterekwa yandikishijwe mu ntumbero y'ukwimisha urushinge ibitungwa

M

H

M

H

l'insémination artificielle de femelles appartenant à un autre troupeau que celui du donneur, est uniquement récoltée, traitée et stockée dans un centre de collecte agréé.

Article 15 :

Sans préjudice des dispositions pertinentes relatives à la police sanitaire des animaux domestiques, sauvages, aquacoles et abeilles, seule la semence des reproducteurs enregistrés au catalogue officiel national est récoltée, traitée, stockée, distribuée ou exportée.

Article 16 :

Toute semence d'un géniteur à distribuer est soumise au test de descendance.

Les performances des descendants sont publiées par le Centre national d'insémination artificielle et d'amélioration génétique.

Les descendants agréés comme performants sont inscrits au catalogue officiel national.

L'ordonnance reprise à l'article 13 précise le protocole à suivre pour mesurer les performances des producteurs inscrits et de leurs descendance.

**CHAPITRE IV.
DU PERMIS DE PRELEVEMENT DU
SPERME, D'INSEMINATION
ARTIFICIELLE, DE STOCKAGE ET
DE DIFFUSION DES SEMENCES
ANIMALES ET DES EMBRYONS**

Section 1.

Des conditions de délivrance du permis

vy'imvyeyi vyo mu bundi busho atari ubwo interekwa yazitanze irimwo; zikurwa gusa mu nterekwa, zigahingurwa kandi zigashingurwa n'lkigo c'itororokanirizo ry'imbuto cemewe.

Ingingo ya 15 :

Hatirengagijwe ingingo zerekeye ugucungera amagara y'ibikoko vy'ibitungano, ivy'ibinyeshamba, ivyo mu mazi n'inzuki zivyererekeye, imbuto z'interekwa zanditswe mu Gitabu c'igihugu c'itororokanirizo ry'ibitungwa bitanga imbuto ni zo zonyene zikurwa mu nterekwa, zihingurwa, zishingurwa, zikwiragizwa canke zigashorwa mu mahanga.

Ingingo ya 16 :

Imbuto izo ari zo zose z'impfizi y'ukurondora zikwiragizwa zitegerezwa kugirirwa isuzuma ry'ingene izizokomoka kuri izo mbuto zizoba zimeze.

Ingene izikomoka kuri izo mbuto zitanga urugero rw'umwimbu biratangazwa n'lkigo c'igihugu kijejwe ivyerekeye ukwimisha urushinge no gutuma haboneka akamere nkomoko k'igitungwa keza kuruta.

Izakomotse kuri izo mbuto zemejwe ko zimeze neza kandi zitanga urugero rw'umwimbu rushimishije zirandikwa mu Gitabu c'igihugu c'itororokanirizo ry'ibitungwa bitanga imbuto.

Itegeko nshikiranganji ryavuzwe mu ngingo ya 13 rishinga Igitabu c'igihugu c'itororokanirizo ry'ibitungwa bitanga imbuto riratomora ivyisungwa bikurikizwa mu gupima ingene zimeze n'urugero rw'umwimbu interekwa zanditswe zishobora gutanga n'ivy'izizikomokako.

IGICE CA IV.

**IVYEREKEYE URUHUSA RW'UGUKURA
IMBUTO N'URUGIRUGI MU GITUNGWA,
UKUBISHINGURA N'UKUBIKWIRAGIZA
HAMWE N'URW'UGUKORA UMWUGA
W'UKWIMISHA KU RUSHINGE**

Agace ka 1.

Ibisabwa kugira uruhusha rutangwe

Article 17 :

Le Ministre ayant l'élevage dans ses attributions délivre trois catégories de permis :

- 1° le permis de prélèvement du sperme ;
- 2° le permis d'insémination artificielle;
- 3° le permis de stockage et de diffusion des semences animales et des embryons.

Une ordonnance du Ministre ayant l'élevage dans ses attributions détermine la forme et les mentions devant figurer sur chaque catégorie de permis.

Article 18 :

Toute personne désireuse d'avoir un permis de l'une ou l'autre catégorie doit présenter au Ministre ayant l'élevage dans ses attributions une demande pour chaque lieu qu'elle entend exploiter dans le cadre de son permis.

Le coût du permis est déterminé par l'ordonnance reprise à l'article 17.

Article 19 :

Le permis peut être refusé, suspendu, annulé ou non renouvelé dans les conditions qui sont précisées par l'ordonnance énoncée à l'article 18.

Section 2.**Du permis de prélèvement du sperme****Article 20 :**

Le permis de prélèvement du sperme autorise son titulaire à en prélever sur un animal, à en stocker et à en céder auprès des centres agréés conformément à l'alinéa 2 de l'article 9.

Le titulaire du permis ne peut, sur les lieux où il exerce, effectuer d'autres opérations que celles liées à ses activités.

Article 21 :

L'ordonnance reprise à l'article 17 précise les normes techniques et

Ingingo ya 17 :

Umushikiranganji ajejwe ubworozi atanga impusha ziri mu migwi itatu:

- 1° Uruhusha rw'ugukura imbuto mu nterekwa;
- 2° Uruhusha rw'ugukora umwuga w'ukwimisha ku rushinge;
- 3° Uruhusha rw'ugushingura imbuto z'interekwa n'ukuzikwiragiza.

Itegeko nshikiranganji ry'Umushikiranganji ajejwe ubworozi riratomora ingene umugwi umwumwe wose w'uruhusha ubwirizwa kumera n'ivyandikwamwo.

Ingingo ya 18 :

Umuntu wese yipfuzwa kuronka uruhusha rwo mu mugwi umwe canke uwundi ategerezwa gushikiriza Umushikiranganji ikete risaba urushusha ku karere kamwe kamwe kose yipfuzwa gukoreshamwo urwo ruhusha. Ikguzi c'urwo ruhusha gitomorwa n'itegeko nshikiranganji ryavuzwe mu ngingo ya 17.

Ingingo ya 19:

Uruhusha rurashobora guhagarikwa ivy'imfatakibanza canke rukakwa uwaruhawe ku mvo zitomorwa n'itegeko nshikiranganji ryavuzwe mu ngingo ya 18.

Agace 2.**Uruhusha rw'ugukura imbuto mu nterekwa****Ingingo ya 20:**

Uruhusha rw'ugukura imbuto mu nterekwa ruha nyenerwo uburenganzira bwo gukura imbuto mu gitungwa, kuzishingura no kuzikwiragiza mu bigo vyemewe hisunzwe ingingo ya 9 agace 2.

Nyene uruhusha ntashobora gukorera mu turere akoreramwo ivyo bikorwa, ibindi bikorwa bitajanye n'ivyo yaherewe uruhusha.

Ingingo ya 21:

Itegeko nshikiranganji ryavuzwe mu ngingo ya 17 riratomora ibikurikizwa vyerekeye ubuhinga



d'hygiène propres aux locaux et aux équipements destinés aux activités prévues à l'article 20.

Article 22 :

Le titulaire du permis fait appel à un médecin vétérinaire membre de l'Ordre national des médecins vétérinaires pour le contrôle sanitaire du sperme prélevé.

Le contrôle sanitaire vérifie que le sperme prélevé est exempt des maladies dont la nomenclature est précisée en application de l'article 5 de la loi n°1/28 du 24 décembre 2009 relative à la police sanitaire des animaux domestiques, sauvages, aquacoles et abeilles.

Article 23 :

Le titulaire du permis dispose parmi son personnel d'un responsable qualifié du laboratoire où s'effectuent les opérations d'analyse, de traitement et de conditionnement du sperme.

Article 24 :

L'introduction d'un géniteur dans un centre de prélèvement, est subordonnée à l'obtention d'un certificat sanitaire délivré par un médecin vétérinaire du Gouvernement.

Article 25 :

Le titulaire du permis de prélèvement du sperme dispose d'un certificat attestant la qualité de la semence, délivré par le Centre national d'insémination artificielle et d'amélioration génétique.

Article 26 :

Le titulaire du permis indique sur chaque contenant de sperme :

- 1° son adresse physique, son code national et international, le cas échéant ;
- 2° le nom et le code du géniteur mâle qui a fourni le sperme ;

n'isuku ku nyubakwa n'ibikoresho bigenewe ibikorwa bitegekanijwe mu ngingo ya 20.

Ingingo ya 22 :

Nyene uruhusha rw'ugukura imbuto mu nterekwa ategerezwa kurondera umganga w'ibitungwa ari mu Rwego rw'abaganga b'ibitungwa mu Burundi kugira asuzume uko imbuto zakuwe mu nterekwa zimeze.

Mu gusuzuma uko imbuto zakuwe mu nterekwa zimeze umuganga ategerezwa gusuzuma ko izo mbuto zidafise indwara ziri ku rutonde rutomorwa mu ngingo ya 5 y'ibwirizwa inomeru 1/28 ryo ku wa 24 Kigarama 2009 rishinga ingingo z'ugucungera amagara y'ibikoko vy'ibitungano, ibinyeshamba, ivyo mu mazi n'inzuki.

Ingingo ya 23 :

Nyene uruhusha rw'ugukura imbuto mu nterekwa ategerezwa kuba afise mu bakozi biwe uwujewe isuzumiro rikorerwamwo ibikorwa vy'ugupima imbuto, ukuzihingura n'ukuzitekera afise urupapuro rw'umutsindo mu vyerekeye amasuzumiro.

Ingingo ya 24 :

Ukwinjiza impfizi y'ukurondora mu kigo kijejwe gukura imbuto mu nterekwa bisaba ko iyo nterekwa iba ifise iseredifika yemeza uko amagara yayo yifashe itangwa n'umuganga w'ibitungwa wa Reta.

Ingingo ya 25 :

Nyene uruhusha rwo gukura imbuto ngabo mu gikoko ategerezwa kuba afise iseredifika yerekana uko imbuto zimeze itangwa n'ikigo c'igihugu kijejwe ivyerekeye ukwimisha urushinge no gutuma haboneka akamere nkomoko k'igitungwa kaba keza kuruta.

Ingingo ya 26 :

Nyene uruhusha ategerezwa gushira ku kabitswemwo imbuto ngabo zose:

- 1° Aho nyene uruhusha aba, ikode imuranga mu gihugu no ku rwego mpuzamakungu, mu gihe ayifise ;
- 2° Izina n'ikode vy'impfizi y'ukurondora yatanze imbuto ;

3° le numéro d'enregistrement du géniteur;

4° la race du géniteur ;

5° la date de congélation du sperme ou le numéro du lot d'où il provient.

Section 3.

Du permis de stockage et de diffusion de la semence animale et des embryons

Article 27 :

Le titulaire d'un permis de stockage dispose, dans un local, d'une aire affectée exclusivement à l'entreposage du sperme ou des embryons qu'il garde en stock.

Article 28 :

L'ordonnance reprise à l'article 17 précise les conditions de stockage et de diffusion des semences animales et des embryons.

Section 4.

Du permis d'insémination artificielle

Article 29 :

Le permis d'insémination artificielle est délivré à toute personne ayant suivi et réussi une formation d'inséminateur et ayant inséminé un nombre d'animaux avec un taux de réussite précisé par l'ordonnance reprise à l'article 17.

Article 30 :

Le titulaire de permis d'insémination artificielle dispose, dans un local, d'une aire affectée exclusivement à l'entreposage du sperme qu'il garde en stock en vue de l'insémination artificielle.

3° Inomero impfizi y'ukurondora yanditsweko mu gitabu;

4° Ubwoko bw'impfizi y'ukurondora ;

5° Igenekerezo ry'aho imbuto ngabo zakanyishirijweko canke inomero y'umutekero imbuto zavuyemwo.

Agace ka 3.

Uruhusha rw'ugushingura imbuto z'ibitungwa n'ukuzikwiragiza

Ingingo ya 27:

Nyene uruhusha rw'ugushingura imbuto ategerezwa kuba afise, mu nyubakwa akoreramwo, ikibanza kigenewe gusa gushingura imbuto canke urugirugi ashira mu bubiko.

Ingingo ya 28 :

Itegeko nshikiranganji ryari ryavuzwe mu ngingo ya 17 riratomora ibitegerejwe mu gushingura no mu gukwiragiza imbuto n'urugirugi.

Agace ka 4.

Uruhusha rw'ugukora umwuga w'ukwimisha urushinge

Ingingo ya 29 :

Uruhusha rw'ugukora umwuga w'ukwimisha urushinge ruhabwa umuntu wese yakurikiranye, kandi akamenya inyigisho zijanye n'ukwimisha urushinge akaba yarimishije urushinge ibitungwa vyinshi kandi bigafata ku rugero rutomorwa n'itegeko nshikiranganji ryavuzwe mu ngingo ya 17.

Ingingo ya 30 :

Nyene uruhusha w'ugukora umwuga w'ukwimisha urushinge ategerezwa kuba afise mu nyubakwa akoreramwo, ikibanza kigenewe gusa gushingura imbuto ashira mu bubiko kugira azikoreshe mu kwimisha urushinge.

**CHAPITRE V.
DE LA RECHERCHE ET DE LA
CONSTATATION DES INFRACTIONS**

Article 31 :

Les agents de contrôle assermentés de l'administration publique chargés de l'insémination artificielle sont compétents pour la recherche et la constatation des infractions à la présente loi. Ils ont la qualité d'officier de police judiciaire à compétence restreinte.

Article 32 :

Sans préjudice des dispositions du Code de procédure pénale, lorsque les agents de contrôle assermentés obtiennent des renseignements qu'une infraction aux dispositions de la présente loi a été commise, ils peuvent :

- 1° procéder à la perquisition de tout local afin de vérifier les équipements et les produits liés à la reproduction animale qui s'y trouvent ;
- 2° effectuer tout contrôle qui s'impose ;
- 3° recueillir des échantillons à bord des embarcations, des véhicules ou dans des locaux faisant l'objet d'inspection.

Article 33 :

Lorsqu'une infraction aux dispositions de la présente loi est constatée, les agents de contrôle assermentés :

- 1° saisissent à titre conservatoire tout produit lié à la reproduction animale détenu illégalement et mettent sous scellés le local présumé avoir été utilisé pour commettre ladite infraction ;
- 2° saisissent à titre conservatoire les stocks présumés avoir été obtenus illégalement ou conservés en violation des dispositions de la présente loi ;

**IGICE CA V.
IVYEREKEYE UGUTOHOZA IVYAHA
VYAKOZWE N'UGUSHIKA AHO
VYAKOREWE**

Ingingo ya 31:

Abakozi bo mu ntwaro babirahiriye bajejwe ibijanye n'ukwimisha ibitungwa urushinge barafise ububasha bwo gutohoza ivyaha vy'ukurenga ku bitegekanijwe n'iri bwirizwa n'ugushika aho vyakorewe. Abo bakozi bafise ububasha bw'inyamiramabi mubijanye n'ivyo gusa.

Ingingo ya 32 :

Hatirengagijwe ingingo zo mu Gitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa, n'ingene zicibwa, igihe abakozi bajejwe isuzuma baronse inkuru ko hakozwe icaha c'ukurenga ku bitegekanijwe n'iri bwirizwa, barashobora :

- 1° Gusaka inyubakwa yose kugira basuzume ibikoresho n'ivyo vyose bihari bijanye n'ukurondora ibitungwa;
- 2° Gukora isuzuma ryose rikenewe;
- 3° Gukura amashantiyo mu biri mu bwato, mu bindi vyunguruza canke mu nyubakwa ziba ziriko zirasuzumwa.

Ingingo ya 33 :

Mu gihe bigaragaye ko hakozwe icaha c'ukurenga ku bitegekanijwe n'iri bwirizwa, abakozi bajejwe isuzuma barashobora :

- 1° Gufata ivy'imfatakibanza ico cose kijanye n'ukurondora ibitungwa kibitswe hadakurikijwe amategeko no gushira ivyugazo ku nyubakwa yiketswe ko yoba yakoreshejwe mu gukora ico caha;
- 2° Gufata ivy'imfatakibanza ibiri mu bubiko vyiketswe ko vyaronswe hadakurikijwe amategeko canke ko kibitswe harenzwe ku bitegekanijwe n'iri bwirizwa;

3° font garder les semences animales et les embryons saisis dans un centre agréé.

Article 34 :

Les procès-verbaux dressés par les agents assermentés chargés du contrôle sanitaire font foi jusqu'à preuve du contraire.

**CHAPITRE VI.
DES SANCTIONS
ADMINISTRATIVES ET PENALES**

Article 35 :

Tout manquement aux dispositions relatives à la production, au stockage, à la diffusion, au contrôle et à l'utilisation de semences et des embryons d'origine animale, peut donner lieu à des sanctions administratives telles que la suspension, le retrait, l'annulation ou le non renouvellement du permis.

Une ordonnance du Ministre ayant l'élevage dans ses attributions précise les modalités d'application du présent article.

Article 36 :

Est puni d'une servitude pénale de six mois à deux ans et d'une amende d'un million à cinq millions de francs burundais (1.000.000 Fbu à 5.000.000 Fbu) ou de l'une de ces peines seulement, quiconque produit, stocke ou diffuse à titre professionnel des produits destinés à la reproduction animale sans permis.

Article 37 :

Quiconque importe ou exporte des produits destinés à la reproduction animale sans autorisation, est puni d'une servitude pénale de six mois à une année et d'une amende de trois millions à cinq millions de francs burundais (3.000.000 Fbu à 5.000.000 Fbu) ou de l'une de ces peines seulement.

3° Gushira mu kigo cemewe imbuto n'urugirugi vyafashwe kugira kibicunge.

Ingingo ya 34 :

Ivyegeranyo bigirwa n'abakozi babirahiriye bajewe gusuzuma ko imbuto n'urugirugi bimeze neza biguma vyemewe gushika habonetse ikibihinyuza.

**IGICE CA VI.
IVYEREKEYE IBIHANO BIFATWA
N'ABAJEJWE INTWARO MU KAZI
N'INGINGO MPANAVYAHA**

Ingingo ya 35 :

Ikosa ryose ry'ukudakurikiza ingingo zijanye n'ukurondora imbuto n'urugirugi bikomoka ku bitungwa, ukubikwiragiza, ukubisuzuma n'ukubikoresha, rishobora gutuma hatangwa ibihano bifatwa n'abajejwe intwaro mu kazi. Itegeko nshikiranganji ry'Umushikiranganji ajewe ubworozi riratomora ibikurikizwa mw'ishirwa mu ngiro ry'iyi ingingo.

Ingingo ya 36 :

Ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi umuriyoni umwe gushika ku miriyoni zitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwo wese atororokanije ivyo vyose bijanye n'ukurondora ibitungwa, abishinguye canke abikwiragije nk'uwukora uwo mwuga adafise uruhusha ruvyekeye.

Ingingo ya 37 :

Uwo wese yinjije mu gihugu canke ashoye mu mahanga ivyo vyose bijanye n'ukurondora ibitungwa atabifitiye uruhusha, ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku mwaka umwe n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi imiriyoni zitanu gushika ku miriyoni zitanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Article 38 :

Est puni d'une servitude pénale de six mois à deux ans et d'une amende d'un million à trois millions de francs burundais (1.000.000 Fbu à 3.000.000 Fbu) ou de l'une de ces peines seulement :

1° quiconque commercialise ou met en vente des produits destinés à la reproduction animale dont l'étiquette a été modifiée ;

2° quiconque met en vente des produits destinés à la reproduction animale dépourvus de l'étiquetage officiel.

Article 39 :

Quiconque détient ou stocke des produits destinés à la reproduction animale dans des établissements non autorisés, est puni d'une amende de deux cent mille à un million de francs burundais (200.000 Fbu à 1.000.000 Fbu).

Article 40 :

Sans préjudice aux dispositions du Code pénal, les semences et les embryons saisis sont gardés dans un centre agréé pendant un délai de trente jours à la charge du propriétaire. Passé ce délai, les semences et les embryons sont confisqués au profit de l'Etat.

**CHAPITRE VII.
DES DISPOSITIONS FINALES**

Article 41 :

Toutes les dispositions antérieures contraires à la présente loi sont abrogées.

Ingingo ya 38 :

Ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka ibiri n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi umuriyoni umwe gushika ku miriyoni zitatu canke igihano kimwe muri ivyo conyene :

1° Uwo wese adandaje canke ashize kw'isoko ivyo vyose bijanye n'ukurondora ibitungwa bimaditseko ikimenyetso ndangakintu cahinduwe;

2° Uwo wese ashize kw'isoko ivyo vyose bijanye n'ukurondora ibitungwa bitamaditsweko ikimenyetso ndangakintu cemewe n'amategeko.

Ingingo ya 39 :

Uwo wese afise canke abitse ivyo vyose bijanye n'ukurondora ibitungwa mu bigo bitabifitiye uruhusha, ahanishwa ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi amajana abiri gushika ku muriyoni umwe.

Ingingo ya 40 :

Hatirengagijwe ingingo zo mu Gitabu c'amategeko mpanavyaha imbuto n'urugirugi vyafashwe bigumizwa mu kigo cemewe n'amategeko mu kiringo c'iminsi mirongo itatu ku mafaranga arihwa na nyenevyo. Ico kiringo kirangiye, imbuto n'urugirugi vyafashwe bica binyagwa na Reta.

**IGICE CA VII.
INGINGO ZISOZERA**

Ingingo ya 41 :

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

Article 42 :

La présente loi entre en vigueur le jour de sa promulgation.


Fait à Bujumbura, le 17/5/2019

Pierre NKURUNZIZA

PAR LE PRESIDENT DE LA
REPUBLIQUE,

VU ET SCILLE DU SCEAU DE LA
REPUBLIQUE,

LE MINISTRE DE LA JUSTICE, DE
LA PROTECTION CIVIQUE ET
GARDE DES SCEAUX,



Aimée Laurentine KANYANA

Ingingo ya 42 :

Iri bwirizwa ritangura gukurikizwa kuva umunsi ritereweko igikumu.

Bigiriwe i Bujumbura, kuwa 17/5/2019

NKURUNZIZA Pierre

KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,

BIBONYWE KANDI BISHIZWEKO
IKIMANGU CA REPUBURIKA,

UMUSHIKIRANGANJI W'UBUTUNGANE,
UKWUBAHIRIZA ITEKA N'ITEKANE
VY'IGIHUGU N'UGUSHINGURA IKIMANGU
CA REPUBURIKA



KANYANA Aimée Laurentine